



R MOUN KI APLIKE POU KONDISYON REFIJYE

Pafwa, gen moun ki kite peyi yo pou al chache travay ak lavi miyò. Gen lòt moun tou ki kite peyi yo paske lavi yo, sekirite yo oswa libète yo an danje. Moun sa yo rele refijye, e lè yo janbe fwontyè a epi yo rive nan yon lòt peyi, yo gen dwa mande pwoteksyon tankou refijye.

Ki moun ki ka mande li?


- Etranje ki pa ka retounen nan peyi yo paske lavi yo an danje. Ou pa bezwen idantifikasyon, ni prèv. Sa pa on pwoblèm si w gen deja yon viza tanporè.

Kiyès ki bay li?

- Komisyon Meksiken pou Éd pou Refijye (COMAR), ou ka kòmanse pwosesis ou a nan biwo li yo, oswa nan biwo Regilarizasyon Migratwa Enstiti Nasyonal Migrasyon (INM). Li gratis.

Ki sa li ofri mwen?

- Yo pap voye ou tounen nan peyi w.
- Ou pral gen aksè pou jwi dwa yo, epi COMAR ka oryante w jwenn enstitisyon ki bay divès sèvis.
- Anplis de sa, wap kapab fè pwosesis dokiman pou yon sejou legal epi wap kapab travay. Gen oòganizasyon tou ki prè pou ede w pandan pwosesis ak mezon dakèy, konsèy avoka gratis ak lòt ankò.



Pou konbyen tan li valab?

Atestasyon Pwosesis la valab pandan tout pwosesis la.

- Si repons pwosesis ou a pozitif, ou ka rete viv nan peyi Meksik tout tan ou vle.

Ki dokiman yap ban mwen?

- Atestasyon Pwosesis COMAR la
- CURP Tanporè
- Ou gen dwa fè pwosesis on Kat Vizitè pou rezon imanitè nan INM

Si w gen yon CURP ak yon kat vizitè pou rezon imanitè, w ap kapab travay.

Ki sa k'ap pase aprè?

Si yo rekonèt ou tankou refijye, wap kapab rete nan Meksik pou tout tan ou vle, w'ap gen yon rezidans pèmanan ak CURP. Antanke refijye, wap lib pou w' deplase nan peyi a, w'ap gen dwa a edikasyon, travay, lasante, epi w ap gen pwoteksyon Leta Meksiken an. Anplis de sa, si w' vle, ou gen dwa mande COMAR pou l evalye posibilite pou w fè fanmi w vini viv avèk ou, pwosesis sa a rele reyinifikasyon fanmyal.

Sonje byen, COMAR gen biwo nan Acayucan, Ciudad de México, Tapachula, Palenque, Tenosique, Guadalajara, Monterrey, Tijuana ak Saltillo. Epi, INM gen 32 biwo regilarizasyon migratwa.

Nan tout kote sa yo, ou ka kòmanse pwosesis ou a, LI GRATIS.



Etranje yo kapab regilarize sejou yo nan Meksik oswa mande pwoteksyon tankou refijye si yo pa kapab retounen nan peyi yo paske lavi yo an danje. Dekouvri kèk nan pwosesis sa yo.



CURP



CURP la (an panyòl Clave Única de Registro de Población) se yon kòd ki gen 18 chif ak lèt.

Ki moun ki ka mande li?

- Moun ki gen yon papye sejou migratwa ak moun ki aplike pou yo ka genyen kondisyon refijye.

Kiyès ki bay li?

- INM oswa COMAR, selon ka a. Ou pap peye pou sa.

Ki sa li ofri mwen?

- Li pèmèt ou gen aksè ak pwosesis yo epi ak sèvis piblik yo nan Meksik.

Pou konbyen tan dokiman an valab?

- Li ka tanporè oswa pèmanan.



FMM POU REZON IMANITÈ

Ki moun ki ka mande li?

- Yo bay ak tout moun ki sou teritwa Meksiken an sou pwotokòl pwoteksyon imigran Etazini (MPP pou sig li yo an anglè)

Kiyès ki bay li?

- INM, ou pa peye pou sa.

Ki sa li ofri mwen?

- Moun yo ka rete sou teritwa nasyonal la epi yo lib pou yo sikile ladan l. INM deside ke moun ki gen yon FMM pou rezon imanitè gen pèmisyon pou yo travay. W ap kapab ale nan randevou ou yo Ozetazini san pwoblèm, men dokiman an pa valab pou vwayaje andeyò Meksik.

Pou konbyen tan dokiman an valab?

- Yo prezize li nan dokiman an. L'ap valab pou 180 jou pou pi plis, si w' bezwen li, ou ka renouvle l toutotan rezon ki fè yo te ba ou li a (pwosesis devan Etazini) toujou la.

Ki dokiman yap ban mwen?

- Fòm migratwa miltip (FMM) pou rezon imanitè, CURP Tanporè, sèlman si w' gen yon pyès idantite.



KAT VIZITÈ REJYONAL

Ki moun ki ka mande li?

- Moun ki sòti nan peyi sa yo Gwatemala, Ondiras, El Salvador ak Beliz ki gen pyès idantite.

Kiyès ki bay li?

- INM, sou fwontyè sid meksiken an.

Ki sa li ofri mwen?

- Li bay yon sejou legal, ou ka sikile epi pase twa jou ap vizite kote sa yo Campeche, Chiapas, Quintana Roo, Yucatán ak Tabasco. Ou pa ka travay.

Pou konbyen tan dokiman an valab?

- Kat la tanporè, jiska 5 an. Li valab sèlman sou fwontyè sid Meksik la.

Ki dokiman y ap ban mwen?

- Kat vizitè rejyonal.



KAT TRAVAYÈ NAN ZÒN FWONTYÈ

Ki moun ki ka mande li?

- Moun ki soti Gwatemala ak Beliz ki gen pyès idantite, yo dwe gen yon òf travay nan Meksik.

Kiyès ki bay li?

- INM, sou fwontyè meksiken an. W'ap peye anviwon \$476.00 pesos

Ki sa li ofri mwen?

- Li ofri yon sejou regilye, toutotan ou gen kat la ou ka antre, sikile epi travay nan kote sa yo Campeche, Chiapas, Quintana Roo ak Tabasco.

Pou konbyen tan dokiman an valab ?

- Kat la tanporè, jiska yon ane.

Ki dokiman y ap ban mwen?

- Kat vizitè travayè nan zòn fwontyè.



KAT VIZITÈ POU REZON IMANITÈ

Ki moun ki ka mande li?

Etranje ki gen pyès idantite ki te viktim, oswa ki te temwen yon krim ki te fèt sou teritwa meksiken an; imigran tifi, tigason oswa adolesan ki pa akonpaye; moun ki responsab timoun ak adolesan kapab mande li toutotan Biwo Avoka pou pwoteksyon timoun analize itiyasyon epi yo detèmine sa ki pi bon pou enterè timoun ou byen adolesan sa yo, moun ki aplike pou kondisyon refijye.

Moun ki gen sante yo an danje, ki bezwen ede yon fanmi dirèk ki gen on maladi grav ki nan Meksik, oubyen ki ka bay prèv yo bezwen èd imanitè.

Kiyès ki bay li?

- Enstiti nasyonal Imigrasyon (Instituto Nacional de Migración) (INM). OU PAP PEYE POU SA.

Ki sa li ofri mwen?

- Li bay yon sejou legal ak on pèmisyon pou travay.

Pou konbyen tan dokiman an valab?

- Kat la tanporè, pou jiska yon ane. Li posib pou w renouvle li.

Ki dokiman y'ap ban mwen?

- CURP Tanporè
- Kat vizitè pou rezon imanitè



REZIDANS PA RELASYON FAMILYAL

Ki moun ki ka mande li?

- Etranje ki gen relasyon ak yon meksiken, oswa etranje ki gen rezidans legal nan Meksik. Ou dwe prezante dokiman sa yo:

Kòm mari/madanm oswa moun ki nan plase: adrès kote nou ap viv la, ak maryaj oswa dokiman ki pwouve ke nou plase (nou ap viv ansanm).

Kòm pitit fi, oswa pitit gason, papa, manman oswa frè ak sè: batistè oswa ak nesans, epi si sa aplikab, dokiman ki montre ke ou se responsab legal oswa otorite parantal.

Kiyès ki bay li?

- INM. W ap peye pou sa
Rezidans tanporè, anviwon \$ 6,613.00 pesos
Rezidans pèmanan, anviwon \$ 6,789.00 pesos

Ki sa li ofri mwen?

- Li bay yon sipò legal ak on pèmi pou travay, epi gen aksè ak lòt dwa.

Pou konbyen tan dokiman sa valab?

- Ou ka rete viv nan peyi Meksik tankou rezidan tanporè jiska 4 an, epi kòm yon rezidan pèmanan san limit.

Ki dokiman y ap ban mwen?

- Rezidans pèmanan oswa rezidans tanporè, selon sa w mande a.



Si w bezwen plis enfòmasyon ak konsèy, ou ka kontakte Agensia de la ONU para los Refugiados (Ajans Nasyonzini pou refijye), ACNUR.

Nimewo gratis: 800 226 8769
WhatsApp: +52 55 7005 5950



Meksik se yon peyi ki gwo anpil!



OU BEZWEN KONSÈY AK SIPÒ?

» Òganizasyon sosyete sivil yo ak ACNUR, Ajans Nasyonzi pou Refijye, gen dispozisyon pou yo gide w epi enfòm w, anpil ladan yo gen avoka ak konseye legal. Kontakte yo ! Sèvis yo gratis.

Se dwa w pou ou genyen yon avoka ; si se ou ki pral peye li, asire w ke se on moun serye e ou kapab konfyè nan li.

Anvan w al fè demach pou yon sèvis, nou ankouraje w rele nan telefòn, pou si li ta nesesè pou w pran randevou.



Sa ap mande anpil tan ak efò pou w travèse tout eta yo. Sonje si wap deplase nan Meksik san papyè, sa gen anpil danje ladan l'. Toujou mache ak dokiman pèsònèl ou ki pwouve nasyonalitye w ak idantite w. Si w' pè retounen nan peyi w' paske lavi w' an danje, ou kapab mande pwoteksyon tankou refijye nan peyi Meksik.



BAJA CALIFORNIA
TIJUANA
1. ACNUR
Rufino Tamayo No. 9990, Zona Urbana Río

2. Casa del Migrante
Calle Galileo No. 239, col. Postal
Tel. 664 382 7685 y 664 615 8103

3. COMAR
Ave. Venustiano Carranza No. 6250, col. Castillo
Tel. 55 8055 9208

4. Asylum Access
Avenida Revolución No. 1129, interior 215,
Zona Centro (entre calle 5ta y 6ta)
Tel. 664 821 8008

5. HIAS
Edificio Emilia
Calle 6ta. General Ricardo Flores Magón No. 8119,
Zona Centro
Tel. 663 205 4661, 663 205 4660, 663 205 4662

MEXICALI
6. ACNUR
Tel. 55 8048 9103

7. HIAS
México No. 151, col. Primera Sección
Tel. 686 339 4338, 686 339 4323 y 686 339 4343

CHIAPAS
TAPACHULA
8. ACNUR
Centro de Atención a Refugiados
2a Avenida Sur S/N (entre las Av. 18 y 20 poniente),
col. San Sebastián (a la vuelta de la COMAR, del lado derecho).

9. Servicio Jesuita para Refugiados
3a Avenida Norte No.5, col. Centro
Tel. 962 1963 717

10. COMAR
2ª Avenida Sur, entre la 18 y la 20 Poniente,
col. Centro. Centro de Registro.
Calle Cuarta Pte. 29, col. Los Naranjos.
Oficina para firmas y seguimiento.
Tel. 55 52 09 88 00 ext. 59316 y 55 80 55 93 82

PALENQUE
11. ACNUR
Periférico Norte S/N esquina con 5ta Poniente, Barrio La Esperanza.

12. COMAR
916 345 3035 ext.8288206

13. Albergue Casa El Caminante J'tatic Samuel Ruiz García
col. Pakal Nà, Barrio San Francisco S/N
Tel. 916 100 0217

CIUDAD DE MÉXICO
14. COMAR
Versalles No. 49, col. Juárez
Tel. 55 5209 8800 ext. 30208, 30226 y 30154

15. Programa Casa Refugiados (PCR)
Mártires de la Conquista No. 86,
col. Escandón I Sección
Tel. 552 614 7992

16. Casa Mambré
Tel: 333 174 3065

17. Sin Fronteras IAP
Carlo Dolci No. 96, col. Alfonso XII ,
Tel. 555 514 1521

COAHUILA
SALTILLO
18. ACNUR
Blvd. Galerías No. 200, Piso 2, col. Villa Olímpica.
Tel. 844 688 0534

19. COMAR
Tel. 5580559376

PIEDRAS NEGRAS
20. Casa del Migrante Frontera Digna
Anáhuac No. 605 Norte, col. Centro
Tel. 878 782 1408 19.

GUANAJUATO
CELAYA
21. ABBA
Eufemio Zapata No. 216,
col. Emiliano Zapata Tel. 461 184 8834

JALISCO
GUADALAJARA
22. ACNUR
José Guadalupe Zuno No. 2302, col. Americana.
Edificio El Bosque Oficinas 8 y 9

23. COMAR
gdlcomar21@gmail.com

24. Centro de Atención al Migrante FM4 Paso Libre
Calderón de la Barca No. 468, Arcos.
Tel. 333 330 0306

25. Casa El Refugio
Calle Constitución No. 300,
col. Cerro del cuatro,
Tlaquepaque, esquina con Melchor Ocampo

QUERÉTARO
26. Centro de Apoyo Marista al Migrante (CAMMI)
Marte No. 2, esquina con Av. Universidad,
col. Centro
Tel. 33 3330 030

CHIHUAHUA
Ciudad Juárez
27. HIAS
Henry Dunant No. 4505 - 2, col. Pronaf
Tel. 656 685 1946 y 656 662 0863

28. ACNUR
Technology Hub. Av. López Mateos No. 924,
col. La Playa.

NUEVO LEÓN
MONTERREY
29. Casa Monarca
Oscar Wilde No. 220, col. Colinas de San Jerónimo 1o. Sector
Tel. 818 390 6305

30. COMAR
Tel. 81 8486 1577 ext. 218

31. ACNUR
Edificio Latino, Piso 8
Juan Ignacio Ramón No. 506,
col. Centro

32. HIAS
Eglantina No. 1709, col. Jardín de las Torres
Tel. 811 185 1703, 811 185 1682 y 811 185 1685

33. Casa Indi.
Av. Bernardo Reyes No. 2404, col. Bella Vista
Tel. 81 8374 7221

SAN LUIS POTOSÍ
34. Casa de la Caridad Hogar del Migrante
Juan Álvarez No. 210, Barrio de Tlaxcala
Tel. 444 815 6225

TABASCO
TENOSIQUE
35. ACNUR
Calle 22 No. 404, esquina con Calle 25, col. Centro

36. COMAR
Calle 2 S/N, esquina calle 55,
col. Pueblo Nuevo (frente a tanque de agua elevado)
Tel: 934 342 6046 y 9346 88 0404

TAMAULIPAS
MATAMOROS
37. Casa Migrante San Juan Diego y San Francisco de Asis
Golfo de México No. 49,
col. Ampliación Solidaridad
Tel. 868 822 4689

REYNOSA
38. Albergue de Nuestra Señora de Guadalupe
María J. González 501, Col. Aquiles Serdán
899 9224555 y 868 8280463

NUEVO LAREDO
39. Casa del Migrante Nazareth
Calle Madero(s) No. 350 col. Viveros
Tel. 867 189 8883 y 867 714 2201

VERACRUZ
ACAYUCAN
40. ACNUR
Calle Francisco Javier Mina No. 406 col. Zapotal

41. COMAR
Carretera Costera del Golfo No. 180, Km. 221
92 42 45 74 40 ext. 226 y 204

OLUTA
42. Casa del Migrante Monseñor Guillermo Ranzahuer
Ignacio Allende No. 926, col. Barrio cuarto
Tel. 924 247 7394

SONORA
CABORCA
43. Centro Comunitario de Ayuda a Migrantes en Caborca
Calle 11 entre G y H No. 50, col. Centro

Si ou ta renmen kontakte ACNUR, rele nan nimewo sila a 800 226 87 69. Nan kèlkeswa vil ou ye a!